



Salam aleykoun

Wóllère yi, mbokk yi,

Man Aziz Salmone Fall, ci turu kurelu Seen Égal-e (Seen egal, Seen Égalité) Plateforme Progressiste Panafricaine, Maa ngi leen di nuyu ci seen tur ak seen sant. Kaddu yi mooy toftal yi ñu yëkketi woon le 4 avril bésu feetu *indépendance*.

Bi nguur gu bees gi togee ba léegi, ñu ngi ànd ak maandute, ngir moytoo tere nguur gi liggeey, wala indi xaajaloo ci seen biir. Noppi boobu mu ngi aju itam ci sargal ñi ñàkkoon seen bakkan, ak ñi loru woon ci xeex ngir jot ci nguur gi. Te ñu ngi wéy di ñaan ñu taxawal komison bu jàmbure, ngir amal lànket buy leeral lépp.

Àdduna bi du sunu moomeel, dañu cee bokk donj, dafay xaw a niiroo ak ndono, wala lu ñu leb suñuy sët. Jafe-jafe àdduna bi, li ko waral, mooy doxalinu *capitalisme impérialiste*. Musiba yi àdduna bi di jàнкуwanteel dafay feeñ ci dundin wi, koom bi, alaam ak kilimaa bi, kaaraange gi, ngëm-ngëm ak ñàkk maanaa. Sunu réew yi nekk ci gilaawaali. Li ko sabab mooy ronqi alal yi fépp, djihaat bi ak lëndemal xel yi, nguur-nguuraan ci biir réew yi, ñàkk kàttanu CEDEAO. Waaye itam, man nañu am yaakaar bu rëy ci xeex yi askaan yi di xeex ngir moom seen bopp. Nit, nit mooy garabam – ndax nag, amul benn jafe-jafe bu doomu aadama di jàнкуwanteel te du ko mën a andil saafara !

Li ñu soxal ci mbir mi mooy, gestu lan moo waral jafe-jafe yu taar yi ci Boppu nguur gi ak ci réew mi. Su ñu waxantee dëgg, xóotal mbir yi moo ñu war, ni demokaraasi téddee ci réew mi, ak ni muy doxee, porose moom sa Bopp, ak wareef bu matadi ci way-bëgg réew mi, ak gállankoor yi noonni askan wi di teg, ci mbirum Yoon ak suqali réew mi. Ci tēnk, dina nu leeral yoon ak pexe yi nu war a jaar, ngir génne réewmi ci guuta gi, ngir tabax yoonu tawféeex wi Afrig yaakaar.

Cosaanu demokaraasi lanu bàkke sunu réew. Ci sunu xilaasu réew, nguur yi ci jamano naar ak diine, ci jamano Tubaab yi, ak sunu *indépendance néocolonial*, doxalin yi am na ay ngēneel ak

ay doyadi. Mujji na leen saafara léeg-léeg ci fitna, léeg-léeg ci juboo ci diggante ñi ko séq. Ayleyéwen Tubaab sosul ta moomul demokaraasi. Askan yépp dañoo yittewoo, boole ci xëccu jëm ci. Li koy firndeel, mooy ci sunu cosaan, daan nañu waxtaan ba juboo, ba nguuri duñu ëppal ci seen doole. Mel ni màngo bu ñu gerefe, demokaraasi yu Tubaab yi dafa jur ay doxalin yu laamisoo ci diggante yeneen nguur yi. Ñi ko séq kurelu politigcat yi ak *fonctionnaire* yu jëfandikoo seen waxin ak seen jëfin, alal ji, ak lëkkaloo ak ay séddo teraanga. Ñooñu, lim bu néew lañu, ndax boo leen natee, dina tolloo ak juroom-benn téeméeri junniy nit, ci fukk ak juroom ñeenti miloonji doomi réew mi. Askan yi fal politigcat yi, ak ndawi réew mi, ñooy mujje di dékku njuuj-njaaj yi ak wor yi. Wànte, Yoon am na, wuy tabax demokaraasi, wu joxe sañ-sañ ak yemale askan bi yépp. Askan wi liggeey ak meññal moo war a moom sañ-sañ ak dogal. Su boobaa, pàrti politig yi, seen wareef mooy yombal waxtaan ak juboo, te du tere ñuy jonñante.

Déggoo ak Xëccoo yi am ci nguur gi fi jóge ak nguur gi fi tegu, doy na waar. Loolu li ko gën a sabab, mooy xeexu nguur bu metti lool, ak rawante ci ay Eleksion-wote yu ñëwagul. *Présidence* ak *Assemblée* ñoo bokk gis-gis ak jëmukaay. Li leen wuutale, mooy doxalin, ak li ëpp solo, ak andandoo yi.

Ndégam xuloo ak ñakk a xuloo am na, ku ci nekk *polarisation* moo la soxal. Jàkkaarloo bi dafa leen di may ñu aakimoo nguur gi, muy wéyaal loraange ak nootaange ci réew mi. *Hyperprésidentialisme*, Buur-fari tax na ku bëgg yem ci benn màndaa, say andandoo gàddaay. Ni ñu tëggee sunu *constitution* moo waral li. Sa yu nguur gu bees ñówee, dafa koy jéem a jag-jagal. Loolu dafay indi xaajaloo. Lépp ñu teg ko ci taf yëngal, wiiri-wiiri, ak dëbb-dëbbal. Lépp ñu wékk ko ci maslaa.

Sunu taxawaay démb ak tey mooy sanc pénc mu bees, maanaam *assemblée constituante*, buy sanc Ndeyu sàrti réew mi ak mbooleem kureel ak peggu askan wi yépp.

Seen Égal-e, Seen Égalité nangu na li *assises nationales* yi waxoon. Li ñu ci dolli mooy tabax ñetteelu repiblig bu gën a dëppoo ak bëgg-bëggu askan wi, ndax dina ci boole ay sañ-sañ ak yelleefi am ndox ak koom-koom, ak aada. Ndey ji réew ju bees jii, dina yombal bennoog doomu

Afrig yépp. Ndawi réew mi, nguuru yoon ak njiit yi, dinañu nangu wareef bi ñu moom, te yem ci.

Dalal gi ñu Dalal njiitu *assemblée* bi ca Pénc ma, tatagal ci way wi ñu jagleel Yonent bi, lu ñàkk teggin la ci diiney Lislamm ak ci Pénc mu Mag mi, di ag kureel gu bokkal ak diine. Am na ay ndawi réew yu ne ci coobareg Yàlla lañu leen tanne.

Yàlla tànnul *Netanyahu*, tànnul *Trump*, tànnul *Faye* ; Yàlla dugul ci politig, doonte politigkat yi yàgg nañu ñu jëfandikoo ngir nax ñu. Looloo tax, bu nit ñi amee jikko yu rafet, mën nañoo yor seen askan ci nangu gëm-gëm yépp, te duñu jaawale diine ak nguur.

Politig, du dara lu dul wut ak xëccoo nguur ci diggante nit ñi. Jamano ji nag, seetlu nañu ni diine ak ngëm dafa yokku ci politig, ak di bëgg tere laaysite .

Ay junney junney at ci ginnaaw, Afrig yàgg naan am ay baax ak ay xarbaax. Diine yi ñu jëggaani, andaale seen baax ba ñu foog ne ñun ñoo ko moom, ba ci tur yi ñu jox suñu ay doom.

Wàll wu mat a bàyyi xel la, te Afrikee yi ñàkk nañu fàtteliku cosaan, ginnaaw bi ñu jàppee diiney bitim réew yi, lu mat junniy at, ak juroom-benni xarnu. Nañu fexe suñuy baax ci Afrig ñu sàmm leen, te di tudde suñu ay doom suñu turi cosaan loo xam ne ñoom duu ko mas a def. Man miy wax ak yéen, sama yaay waa Misra la. Te man, mën naa ko xam bu baax. Sama yaay waa Misra la ; moom moo tànn nekk waa Senegaal, kon soxlawumaa roy Araab yi. Waaye mën naa seede jafe-jafe yi nit ñu ñuul ñi di daj ci dëkki Araab yépp, méngoo lool ak ni mu ame ci dëkki tubaab yi.

Ci sama wàllu kër baay, sama njaboot mo jëkk a dalal Portigees yi ñëwoon ci sunu réew yi ; Li ko jiitu, ñu saafonte ak Araab yi ay jaam walla wurus ngir ay fasi naari góor. Sunu njaboot tamit joxe na suuf ak ay soxna sërifi yi, xeex na ak kolon yi, waaye itam liggeeyandoo na ak ñoom. Jamono jooju weesu na, suñu wareef mooy fàtteliku démb ngir tabax ëllëg.

Jamono ji nu toll nag, fondamantalist yu Karcen ak yu islaam, yi ñu joox xalis ak ndimbal lu jóge bitim réew, ñu ngiy yàq Afrig te di naan ñun ay kaafir ak ay maajóos lañu. Ñu ngiy wax ne

dañuy jàngalewaat sunuy diine, di yaraat sunuy doom ak sunuy jigeen. Li moo taax mu jur xaabaabal ak ëppal ci diine.

Ci Suraat Luqmaan (aaya fukk ak juroom-ñent), Luqmaan al-Hakkim, nit ku ñuul ku ñu tudd ci Alxuraan bi, dafa digal doomam mu dal ci waxin ak jëfin.

وَأَقْصِدْ فِي مَشْيِكَ وَاعْضُضْ مِنْ صَوْتِكَ إِنَّ أَنْكَرَ الْأَصْوَاتِ لَصَوْتُ الْحَمِيرِ

Waqsid fī mashyika wagħḍuḍ min ṣawtika ʿinna ʿankara al-ʿaṣwāti laṣawtu al-ḥamīr.

Waxal ak teggin, baat bu gën a naqari, mooy bu mbaam yi.

Ñenn yi, ci politigcat yi, ñoo yaakaarlao askaan wi mën a faj soxla yi gën a am solo ci yokkute ak *islamisme*, wala *djihadiste* yi, wala *évangéliste* yi.

Pàrti bi ëpp ay ndaw ci péncum ndawi réew mi, doxalinam dafa woroo lool ak cosaanu demokaraasi ci pàrti politig, mu xaw a niroo ak sëriñ ak taalibeam. Moom rekk lañu fal ci seen *Congrès*, ta baaraamam mooy joxoñ jëwriñ yi ak ndombo-tànk yi. Ndégam pàrti làngu càmmoñ lay bëg a fëetale yoonam, wareafam mooy mu leeral digganteem ak yoonu *capitalisme*.

Kurel gi ànd ak njiitu réew mi, doonté fële la soqeekee, mu ngi lëkkaloo ak ñi suuxal réew mi. Waaye, nañu xool ni wanent di mujje ak i gëtam.

Ñaari boor yépp, seen yaakaar, *national-bourgeois* mënul dog buumu jaamu *neo-colonialisme*.

Ñun Seen egal Seen égalité, tabax sunu koom ak moom sunu Bopp dafa laaj ñu dog Jéng yi.

Coow li ci làngug politig gi, lu muy bari-bari ak ñi koy jottali, jubluwul ci xam li mën a saafara sunuy mbir. Li muy indi, du lu dul naaféq ak naxaate.

Ku yàq sa teen, fay sa dëkk. Li, moo indi amul càmmoñ, Amul ndeeyjoor, demokrassi baxul, wala mbirum tubaab la. Àdduna bi, li koy màndargaal mooy système capitaliste, moo indi *colonisation* ak *neo-colonisation*. Doole yi koy dundal ñoo feete Ndeyjoor . Li ñuy woote mooy sa *liberté individuelle*, nguur gu nasax ak Mårse ak *entreprenariat* buy doxal làmbi golo.

Doole yi bëgg a dindi nooteel googu, ñoo fëete 'càmmoñ', waaye duñu doon ay way-jëm-kanam yu wér, lu dul su fekkee dañoo kontar *imperialisme*, kontar *capitalisme*, di ay *féministe* ak ay

écologiste – maanaam, su fekkee dañu tabaxoo ci wërngal bu dëgër bu taxawal yamale, jëm-kanamu askan wi, séddale alal ji, sàrwiis piblig yi ak njariñu ñépp.

Man nañu am ay nguur ci seen doxalin, yu àbb càmmoñ wala ndeyjoor, wànte lu mu lëndëm lëndëm, man nañu xam fi ñuy féete dëgg.

Li nu meññal lu néew la, jëggaani *marchandise* ak jënd ak a jaay moo fi am. Màrse làmbi golo, du faj ajoo yi, du faj boppam, mënul a yemale koom-koom ak sañ-sañ, te mënul a yor alal ji ñépp bokk.

Ñàkk a matal wareefam ci askaan wi, moo yóbbu pàrti càmmoñ*gauche* ci elektion ak laamisoo ak ñi feete ndeyjoor, ci diiru ñeent-fukki at. Loolu moo ko jural ay kureelam tasaaroo, ñuy walbati ay njiitam, gerr ci ñu bare. Ci diggante bi, ñun jéem nañoo dajale *gauche*, ci jumtukaay *Mouvement des assises de la gauche*, MAG. Waaye MAG àntuwul. Ndekete yo, xaajalo yi gënoon na xóot, ci ni ñu ko fooge woon. Taxul nu xàddi, nu delluwaat ci waar wi, taxawal *Plateforme Progressiste Panafricaine* Seen Egal Seen Égalité, jébbal askaan wi yoon ngir tabax Senegaal gu bees. Bi eleksion yi di dëgmal, juroom-benn lawax (kàndidaa) ak juroom-ñaar pàrti politig ci seen coobarey bopp, tamu woon nañu jël ci. Yaboon nañu ko, ñi nekk ci nguur gi tey, jaarale ko ci sunuy wóllare yi féete càmmoñ bokk ci ñoom.

Askan wi, wone na ci ay xeexaam, te ñu ràññee ci ndaw ñi, bëgg-bëggam ak jëmmam dafa méngoo ak gis-gisu càmmoñ, waaye dese na xam loolu.

Ñi téye nguur gi, ci loolu lañu sukkandiku, ànd ci ak meré lool ñi fi nekkoon, moo indi seen pal ci wote-eleksion yi. Pexe yi ñu jëfandikoo mooy woote njub ak gëm sa réew, ci kàllaamay càmmoñ, waaye saxul ci ñoom.

Woote souveraineté du lu bees. Souveraineté mooy yor dogal bu mat sëkk ak moom sa réew. Ci sunu cosaañu réew yi, ñi ko xeex, bare nañu, ñi ci bàyy ci seen bakkan, *Lumumba*, *Ben Barka*, *Blondin Joob*, *Cabral* wala *Sankara*..Ñeneen ñi, bor ak *ajustement structurel* moo leen wër ndomb. Ku bëgg soppali, fook nga jàllarbi. Ku bëgg lem, ñeme yamb. Réew bennnbenn yi du wëy, souveraineté moomeelu Afrig yépp, moo sax, te gën a wóor.

Loolu moo waral sunu réew yi mēnuñu dog Jengu *capitalisme* yi ak xalaatu *liberalisme*, maanaam droite bi nga xam ne moom lay jëfandikoo ngir këf, siif ak ronqi sunu alal .

Daanaka and nañu ci *souverainisme*, waaye État stratège bi mu jàppe ne mooy jubal *investissement* ngir tabax koom-koom bu bees manul a nekk, bu fekke Marse moo ko laal. Nit dina réer ci Yoon, waaye waruñu juum ci yoon, ndax nit ku réer.

Li fi xew ci mbiru bor bi, teey na xel. Lu tax kenn feeñalul *audit Mazars* bi mēn na leeral ni bor bi tēdde. Tannin wu Jawriñ ju bees ji, nga xam ne fekke na *dette cachée*, moom mi daan liggeey ci *franc cfa*, te di saytu *agenda 2050*, ëlēm na ñu. Li ñu gën a jaaxal mooy, di wëy di leb ay koppar yu wóorul, di ko wecce ak sunu *obligations nationales*, te amee bor yu man a daaneel suñu *compagnies* yi ci biir réew mi. Li askan wi di daj ci faju, njàng ak liggeey dafa woroo ak li donkaasi gi (nguur) di wëye. Ci faj soxlay askan wi lañu doon xaaree *souveraineté*.

Révolution ak contre-révolution amagul. Li xew dafa niroo ak jamonoy soppi, waaye dafa gën a am doole ak yëngu-yëngu yi bëggoon a daaneel Nguurgi. Waaye loolu mujjul àntu. Laamisoo bi am ci diggante ñenn ñi ci nguur gi fi nekkoon ak ñiy soog a ñëw, ak ñneen ñi leen jàppale, moo waral ñuy sàmm seen teraanga ak *libéraux* yi. Am na suñu ay wóllère yu bëgg réew mi te maandu, ni ñun, ci nguur gi xaajaloo. Daanaka, duñu mēn dara ci jaabante yi, dàq yi, xulo bi... Xuloo baa ngi wëy, ba ci *ndeyu sàrti réew mi*. Doonte yoon li mu ci wax doylul, xëccoo baa ngi wëy ci seen biir, lii mooy lal seen doxalin ba wotey 2029. Loolu mooy jur soofantal ak fàtte li soxal askan wi. Matt du lakk ba jeex, mu ne tàccu na safara.

Ci tēnk, ñàkk a dogoo ak *capitalisme* ak kurelu *Washington* yi, ak koom-koom bu wékku ci lempo rekk, ak ñàkk a leer ci politig sunu diggante ak bitim réew ak Afrig mooy màndargaal nguur gi.

Ci wàllu aada ak dundin, gisngën nañu tarale daan yi ñi teg ci kaw borom ñaari tur yi. Afrig dañu baaxao teggin ak muñalante. Loolu warul jur, ñuy nangu ay doxalin yu woroo ak suñuy baax. Te tubaab yi ak naar yi, bëgg koo jaarale ci xalis bi ñuy dugal ci réew mi.

Naka noonu, toraxal ak fat jigeen ñi, fàww ñu xeex ko, te ñun ñépp ñu liggeey ngir jigeen ñi am kàttan ak ñu tolloo ak góor ñi ci bépp wàll.

Suñu nekkin *gauche* càmmoñ li muy tekki mooy jëfandikoo demokaraasi ngir moom sa bopp, matal sañ-sañ yi ak mën-mën yi. Moo tax ñu ne, ñépp ñi féeetee *gauche* seen njëlbeenu wareef moy ñu and te bañ di ñaayoo. Képp kuy *gauche* dafa war a sàlloo bile jëmu, ngir ñu am ndam, fàww ñu defaraat toogin yi ak doxalin yi.

Mbokki Senegaal, doomi réew mi,

Nañu goreel sunu bopp ci nettali yi ñu téye, te liggeey ngir am beneen nettali bu mag. Buleen déglu ñiy ragal a jéem, ak ñiy sikk-sàkka ne mën nañu am ndam.

Waar wu bees wi ñu song, ngir tabax nekkin wu bees ci biir askan wi, bu lal ci yemoo, déggoo ak nawloowante li mu laaj, mooy ñépp bopp tey nangu, di wormaal wuute ak ay xalaat yu wuute, tey sàmm mandute ci diinee ak baax yi. Su ñu koy jëfee, coppite ay jeego ak jeego lañu koy defe, te askan wi ak ay kurelam ñoo koy gàddu. Su ko defee, ñu song coppite yi fann yii : demokaraasi bu dëgër te askan wi bopp ci (maanaam nekkin ak dundu bu naat, doxal njub ak boole ñépp ci dogal yi) ngir joyanti sektër informel bi, defar njàngu liggeeykat yi ak képp kuy daan dooleem ; fexe ba jigeen ak góor yem, ak saytu njub ak maandute fépp ci njiiteef lu mucc ayib.

War nañoo goreel sunu bopp ci dagg nooteelu *capitaalisme* ak sektër piriwe bi. Ci sunuy jikkoo ak bitim réew, li ñu jiital, mooy yokkute gu tegu ci yoon te jóge ci biir réew mi, ak jëm-kanam gu sukkandiku ci moom sunu bopp.

Ngir suñu sañ-sañu bopp man a jëm kanam, war nañoo dénk askan wi kàttan ak mën-mën bu mat sèkk, ngir ñu man a samp ay kureli politig yuy tax muy bopp ci lépp.

Ci xare bii, ponk bi ñu gën a jox solo – bu weesoo yemale – mooy ndox. Ndox, di ndeyu dund, and ak ay melokaanam ak kàttanam yu bari. Am ndox ci *Sahel* jafe na lool, te jotin wi yemalewul ñépp. Yokkute bu sax, mënul am, su fekke ne ndox yeggul ci ñépp. Ndox dafay ci suuxat wàllu politig ak koom, te am na solo lool ngir dund, dund gu baax, yokkuteg koom, njëkk, liggeey ak

yemale dund gi. Li tax ñii am ndox mu sell, ñii am ndox mu nëx, ñii am ndox mu ne gàññ ak seen *piscine*, ak ñii mu leen di lor ci mbënd mi, tekkiwul ne kenn ku nekk, loolu la yelloo.

Ñuñ jàpp nañu, bu ñu feccee buumu ñàkk a yemale, dinañu am ay coppitte yu mag. Yemadi, li ko sos mooy doxalin yu yàgg ci politig. Du lu am ci mbetteel, dogal, walla wërsëg. Dafa bokk ci ni xëccoo ak séddoo bi am ci bépp askan. Askan wi mën na ko nangu, walla mu bañ ko.

Kon, cëslaay li, mooy yemoo. (Àdduna potu ndaa la, ku naan jox sa morom mu naan) Cëslaay lii dafay tekki ne ñun ñépp, war nañoo yem àq ak yelleef, teg ko ci ngor.

Yemale tekkiwul ñu def lépp benn, walla di fexe ñépp niroo, walla ñu ñàkk a wuute, walla ñu am benn xalaat, benn melokaan, walla benn bëgg-bëgg, walla ñu def lépp ci benn anam. Yemale bi ñuy wax, mu ngi nekk ci wormal sunuy wuute, ci xam ne ñoo yem ci àq ak yelleef, te kenn warul xeeb kenn, mbaa ñu jaamu loo ko. Sunu àndee, jàppalante, nekk benn, dina ñu song ba jéggi jafe-jafey *mondialisation*.

Yemale googu, ngir mu àntu, fukk nguur gi am ci taxawaay bu dëgër, te loolu ànd ak am ndimbalu aji-bëgg réew mi. Ñi ñu war a beral loxo ñooy ñi ñàkk, ñi ñu noot, ak ñi néew doole.

Ñi xam sunuy widewoo yu gàtt ci wàllu yemale, walla ñi jàng sunu téere 'Seen égal-e sen égalité ci atum 2023', mën ngeen ko seetaat te jàppale ñu ci tasaare kàddu gi. Ràññee nañu, juroomi wàll yu am solo ci yemale, yu ñu mën a waññi ci waaraami benn loxo.

YEMALE bu jëkk mooy réew mu am sañ-sañ bu mat ak yem ak bépp réew, ak YEMALE CI ÀQI DOOMI AADAMA, (ñun ñéppe ay tofo lañu)

Danu bëgg a gaawal sunu yokkute, ci biir loolu, nuy jëm ci ab federaasiyoŋ bu Afrig gépp, ak booloo gu gore ngir sunu askan yi. Tëralin wu weesu réew mi, dina laaj ñu bàyyi ab xaaj ci sunu sañ-sañu bopp ngir kontinaŋ mu am doole, mu jàppandi tey jëm kanam.

2 YEMALE CI JIGEEN AK GÓOR,

Mën nañu am yemaleeg góor ak jigeen, jaare ko ci njàng ak taxawal ay kureel yu may góor ñi ak jigeen ñi, bunt bu yem ci anam wu lalu ci demokaraasi ngir jot ci xam-xam, xarala, xaralaay jukkoo ak nit ñi, xalaat bu xóot ak liggeey, te di leen wóoral seeni àq ak yelleef yu yem. Xam-xamu cosaan ak xaralaay dundin mën nañu leen jëfandikoo ngir am yemaleeg góor ak jigeen. Du am benn coppite gu sax ci doxalinu Senegaal ak Afrig, te amul itam benn coppite gu mag te baax ci taxawaayu jigeen ñi.

3 YEMALE DIWAAN YÉPP,

Séddaleb nguur gi ci anam gu xelu, te sukkandiku ci ay gox-goxaan yu am benn melokaanu koom-koom, bu nekk ak ay kureelam yu ñu jox sañ-sañ, te jox leen itam ay jumtukaay yu doy ci wàll yu ñu leeral bu baax.

Su ñu ko méngalee ak yeneen gox-goxaan yi, Dakaar am na wàll yu gën a baax lool. (Juroom-ñeent-fukki pàcc ak benn ci téemeer ci cëslaayu ndefari réew mi, fa la nekk.) Dëkkin wi dafa gën a jafe ci sunu péey bi.

Jubluwaay bu Ndakaaru am jëm bitim réew, lañu war a wëlbbati ngir jublu ci sunuy gox-goxaan te jóge foofu, jëm ci xolub Afrig. Toxal péey bi, Ndakaaru, ci xoolu réew mi, ngir réew mépp man cee jariñu.

4 YEMALE CI NDAW ÑI,

Ndaw ñi ñoo ëpp ci sunu askan. Waaye, seen cër ci jël dogal yi tuuti na lool, rawati-na ci mbir yi laal seen ëllëg. Ngir mën leen a jox kàttan ñu jàmmaarloo ak seen jafe-jafey jamono, faww ñu dëgëral seen bopp. War nañoo liggeey ngir yeesalaat politig bu demokaraasi ak bu askan wi, te door ay porogaraami njàngale ak ndimbal yu yaatu.

Ci lim yu mujj yi, ci fukki xale yu am juroom-benn at ak lu topp, benn rekk a binduji ci njàngum mécce ; ñaar-fukk at benn ci téemeer ci xale yi am diggante juroom-benn ba fukki at ak juroom-benn mësunoog dugg lekool. Dinañu gën a dëgëral kaaraangeg xale yi, ci yokk ay jumtukaay ak

ay sañ-sañ. Duñu gisati xaley talibe yi di wër ci mbedd yi ; ñi leen di nangu ak seeni waajur, ñoom ñépp war nañoo topp yoon.

War nañoo soppi sunu njàngu mu kawé mi, ci gis-gisu Afrig gépp, te taxawal ay gëstu ak xam-xam ngir joxe ay xëy. Na ñu samp ci sunuy ndaw yi, yar ak fitug sunuy Jambars, sunu armée nationale. Ngir ñépp am mbëggeelu réew, te armée bi gën a farlu ci tabax sunu yokkute ci wetu sunuy ndaw.

5 YEMALE CI MBINDEEF AK GANCAX GI, Alam bi

Askani Afrig yi, bu yàgg, ay *animiste* lañu woon – maanaam, ñu fonk àll bi – di dund ci jàmm ak li ko wër te jàppandi ci sàmm sunu cosaanu àddina. Ñun itam, ba léegi, danoo jàpp ne suuf si, ndox mi, ngelaw li ak mbooleem mbindeef yi dund yi taxawal sunu *biodiversité*, yelloo nañu worma ak sañ-sañu dund. Dinañu jàngal sunuy ndaw ak sunuy askan bëgg mala yi ak gancax gi, te dinañu leen aar ci lu leen di lor ak di leen jëfandikoo ci anam wu bon.

Kóllare yi, Àndandoo Yi

Ñoo ngi woo ñépp, ñi ñemee wax ak fësal seen cosaanu càmmoñ, ñu jàpp ci dëgëral bennoo gi, te di nangu wuute gi. Lii dafa laaj muñ ak juboo. War nañu and ak xel mu dal, sàlloo xam-xam, aada ak yërmande ju jàppandi, ubbi yoon wi, ngir samp ay ponki porose sosiyaal buy jëm kanam, bu mën a taxaw, te nit ñi ëpp bëgg ko.

Fànni liggeey yi ëpp solo yi, ñu def leen sunu moomeel, jëmale leen ci dooleel Afrig, dafay jàpp ci yeesealaat sunu dundinu aada, te gën a baaxal xibaar yi ngir njariñu liggeeykat .

Ci noonu, dinanu am ndam ci samp porose politig bi ngir askanu Afrig gu bennoo ci ay cëslaay yu dëgër. Ñépp am naataange, maanaam kaaraange, jàmm, matal soxla yu jëkk yi, liggeey bu am cër te rafet, jotug noppalu, dund gu baax, ay àq yu ñu séddale ci anam wu jub, ay wareef yu ñu bokk, diggante bu rafet ak kéew gu ñu sàmm, aada ju ñu aar, ak jökkoo buy jëm kanam, te ñu sàmm njariñu ñépp ak li ëpp solo... Jiital jubluwaayu baaxle, moo gën jiital jubluwaayu barile. Loolu mooy doon cëslaay li war a tax, ñu matal soxla yu mag yi, ci askan wu bees wi.

Mënees na laaj sunu bopp, lu tax faluñu Seex Anta Jóob, mi nga xam ne, moo gën a màgg ci Aji-bëgg réewi Afrig yi, sunu patiriyot bi ñépp ràññee te amul sikk. Kenn moomul *patiriyotisme*. Pasteeffu *patiriyotisme*, mu ngi ci jëf. Joxe tuuti ci sa bopp – sa kàttan, sa waxtu ak sa mbëggeel – ngir tabax àdduna bu gën ngir sunuy doom, du ndogal, waaye teraanga la. Su nu booloo te bennoo, mën nanoo bind xët yu gën a rafet ci sunu taarixu réew ngir Afrig gu am njariñ. Xeex nanu sunu dund gépp kontar njit yu bon yi, kontar *apartheid*, *imperialisme* ak *kapitalisme*, te itam ngir tabax pan-*afrikanisme*. Su fekkoon ne ci sunu loxo la nekkoon, kon dinañu gën a fitu. Dinañu soppi paleb njiitu réew mi, nekk tey ab desitu guwernëer bu koloñal bi, def ko kàggug téere gu mag gu réew mi. Dinañu soppi colinu *Gardes Rouges* yi, nekk lu ñuy fàtteli *spahis* yu *colonies* ya... Dinañu jël sunu koppar tudde ko *Afro*... Dinañu defaraat tàkk mi ba mu naat... Sunu doom yi dinañu saggu ci sunuy tool yi, sunu isin yi ak sunuy xarala ... Ak ngor, yemoo ak jàppalante, jamonoy *tirailleurs* yi dina jeex tàkk... Xare bi dafay wéy ; dund ngir réew mi...

Na Senegaal dund, ci Afrig gu sax, gu bennoo ci mággaayam, te am àtteem ci ndamam !